




**Antoni Renoso**



### **Lavi yon Cowboy**

Mwen rele Antoni Renoso. M rete ak paran m nan ti vil yo rele Gwadaloupe ki nan Arizona. Talè kon sa m pral gen yon ti frè oubyen yon ti sè. Nan fanmi m, mwen wè matant, tonton, kouzen ak kouzin nou yo tout tan nan **ranch** granparan nou yo. Se la nou fete fèt espesyal yo ak lè se fèt yon moun ak **piñata**.

Mwen renmen jwe baskètbòl e m renmen fè koleksyon kat ki gen foto jwè baskètbòl. Men sa m plis renmen se monte cheval epi lanse kòd jan Meksiken yo fè l la. M aprann lanse kòd lè m te tou piti. M toujou antrene anpil pou m ka **pèfòme** byen. Mwen ak papa m nou antrene apre lekòl. Papa m montre m bagay papa l te montre l. Nou travay sou nouvo bagay tou. Kounye a nou se **ekspè** nan lanse kòd. Nou renmen al nan **ekzibisyon** wodeyo pou n montre jan nou bon. **Wodeyo** se espò nasyonal peyi Meksiko.

Kèk samdi, papa m avèm m, nou se aktè nan yon **espektak**. Pandan **mariachi** yo ap jwe , n ap vire kòd la epi nou pase l youn bay lòt. Nou fè sa byen. Manman m fyè. Apre espektak la, **touris** vle pran foto nou. Sa fè n santi nou enpòtan tankou gwo **selebrite** yo. Apre sa nou jwe yon kote yo rele "Slide Rock". Se yon kote tout moun renmen ale paske li gen yon bèl dlo.

Chak dimanch maten legliz misyon Meksiken toujou chaje ak fidèl. Kèk dimanch nou ale nan restoran granpapa m yo rele l "Casa Reynoso". Se restoran ki fè bi bon manje nan zòn nan. Papa m pase tradisyon wodeyo a ban mwen. Kounye a mwen dwe fè sa tou. M panse fè sa lè m pral montre ti frè m nan, oubyen ti sè m nan ki jan pou lanse kòd.



bòt kòbòy



mariachi



patiraj



wodeyo



piñata

## **Aktivite**

### **Mwen konprann tèks la**

1. Poukisa w panse Anthony enterese pou li vini yon ekspè nan lanse kòd?
2. Kisa Antoni vle di lè l di “se yon bon bagay, mwen komanse lè m te piti”?
3. Kijan ou panse Antoni santi l o sijè de Casa Reynoso?
4. Poukisa fanmi a selebre fèt timoun yo ak piñata?
5. Poukisa fè foto ak touris yo Antoni santi l menm jen ak yon selebrite?
6. Kisa fè Slide Rock espesyal?

### **M ap reflechi sou tèks la**

1. Poukisa Antony antrene pou li vini yon ekspè nan lanse kòd? Kijan de aktivite ou antrene pou tèt pa w?
2. Poukisa otè a chwazi tit sa a pou istwa a “Lavi yon Cowboy”? Itilize detay nan istwa a pou repond ?
3. Baze sou istwa a ak foto yo, dekri sa ou tap espere wè si w ale nan yon ekspektak tankou sa Antoni te ladann nan?
4. Nan tout aktivite ki nan istwa a kilès ou ta di ki yon tradisyon? Eksplike repons ou?
5. Nan istwa sa a ak “Kouvrela Familyal” kijan ou ta konpare de istwa sa yo osijè de tradisyon?

### **Ki diferans ki genyen ant yon non komen ak yon non pwop? Eskplike?**

Bay ti moun yo ekzanp kisa ki non komen ak sa ki non pwòp:

## **Sengilye/Pliryèl**

*yon chat; yon madanm; pitit la; chen an; mango a.*

Eksplike elèv yo lè ou pale sou yon sèl moun, oswa sou yon sèl bèt, oswa yon sèl bagay, non an *sengilye*.

*Chat yo, moun yo; kay yo; bèt yo.* Lè nou pale sou plizyè moun, oswa sou plizyè bèt, plizyè bagay, non an pliryèl.

## **Aprè chak non, di poukisa li sengilye oubyen li pliryèl**

kòd la	pèfòmè yo	mariachi yo	jakèt la	chemiz la
Selebrite yo	foto yo	chapo yo	piñata a	ekzibisyon an

## **Vokabilè**

### **Kopye mo sa yo nan kaye ou**

Ranch	Espektak	touris
Mariachi	pèfòme	selebrite
Touris	ekspè	piñata
Selebrite	ekzibisyon	espektak
Wodeyo	mariachi	bòt kòbòy